

14 avril 2022

Chè fanmi,

Plan "Rete ansekirite, rete ouvri" nou an, gen siksè lè li pèmèt nou kenbe lekòl nou yo ouvri ak rete pami kote ki gen plis sekirite pou jèn yo ye pandan pandemi COVID-19 la, menm lè nou retire obligasyon pou elèv K-12 mete mask. Pou kenbe kominote lekòl nou yo ansekirite apre vakans prentan an, nou ankouraje anpil tout elèv pou fè tès COVID-19 avan yo retounen lekòl 25 avril, kèlkeswa sityasyon vaksen yo. Pitit ou a ka pran yon tès PCR, yon tès laboratwa oswa yon tès adomisil. Nou te bay pitit ou a kat bwat tès adomisil pou COVID-19; de pou pitit ou a ak de pou yon manm fanmi.

Si oumenm oswa nenpòt moun lakay ou teste pozitif, nou trè kontan kounye gen tretman COVID-19 ki san danje ak efikas, pami yo medikaman antiviral, ki disponib pou kèk moun ki gen laj 12 an pou pi piti ki teste pozitif. Ou ka jwenn aksè nan medikaman sa yo atravè doktè w oswa founisè swen sante w, oswa ou ka rele 212-COVID19 pou pale sou opsyon tretman avèk yon pwofesyonèl medikal. Tretman yo travay pi byen lè w kòmanse yo pi vit posib apre sentòm yo kòmanse epi yo ka ede diminye sentòm yo ak ede evite pou al entèn lopital. Pou plis enfòmasyon, tanpri gade <https://www1.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/covid/treatments-available.pdf> (Resous sa a se pa pou DOE donk li ka pa disponib nan lòt lang). *

Kilè pitit mwen an ta dwe fè tès adomisil yo?

- Tanpri ede pitit ou a fè youn nan tès COVID adomisil nou bay yo samdi 23 avril nan aswè.
- Tanpri ede pitit ou a fè dezyèm tès la 24 èdtan apre, dimanch 24 avril nan aswè.
- Si pitit ou a teste negatif epi li santi li byen, li ta dwe vini lekòl lendi 25 avril.
- Tanpri sonje, si pitit ou a te fèk fin geri nan espas 90 jou ki sot pase yo anba yon ka COVID-19 yo te konfime, li pa bezwen fè tès epi li ta dwe ale lekòl lendi 25 avril, depi li santi li byen.

Kisa mwen ta dwe fè si pitit mwen an teste pozitif nan youn nan tès yo?

- Elèv klas Kindergarten ak pi gran: Tanpri fè lekòl ou a konnen epi izole pitit ou a izole lakay li pou senk jou. Pitit ou a ka retounen lekòl nan sizyèm jou a si li pa gen sentòm oswa si sentòm yo ap amelyore (tankou si li pa gen lafyèv pandan 24 èdtan san li pa itilize medikaman). Pitit ou a dwe mete yon mask ki byen chita sou figi li pandan li nan lekòl la jiska dizyèm jou apre tès pozitif la.
- Elèv Pre-K ak pi piti: tanpri fè/pwogram ou a konnen epi izole pitit ou a lakay li pou dis jou. Pitit ou a ka retounen nan lekòl/pwogram lan apre dizyèm jou a.
- Pou tout laj:
 - Tanpri sonje si pitit ou a teste pozitif, pitit ou a gen dwa pou l resevwa aprantisaj adistans ki pa senkwonize ak orè biwo pou tout dire peryòd izòlman pitit ou a.
 - Tanpri gade tablo gid COVID-19 nou an, ki disponib nan schools.nyc.gov/2022Health, pou konnen lòt etap pou suiv si pitit ou a teste pozitif.

Ki kote mwen ka jwenn eksplikasyon sou kit tès la?

- Tout kit tès yo vini avèk eksplikasyon ki enprime sou yo ke ou sipoze suiv lè w ap fè tès la. Ou ka gade tou videyo ki nan divès lang sou kòman pou utilize kit tès ou a nan schools.nyc.gov/HomeRapidTestKits.

Mèsi poutèt ou jwe wòl pa w la pou elimine COVID-19 nan lekòl nou yo! Lè pitit ou a retounen lekòl apre vakans lan, tanpri asire w li ranpli fòm evalyasyon sante a chak jou, ki disponib nan healthscreening.schools.nyc.

Sonje, vaksinasyon se pi bon zouti nou genyen pou konbat COVID-19 ak pou kenbe lekòl nou yo an sekirite pou tout elèv nou yo. Timoun ki gen laj 5 ane pou pi piti elijib pou pran vaksen kont COVID-19. Si pitit ou a elijib men li poko vaksinen kont COVID-19, tanpri pwofite opòtinite a pandan vakans prentan an pou pran yon randevou nan vaccinefinder.nyc.gov pou l pran vaksen an, oswa rele 311 pou jwenn yon lokal ki bay vaksen bò lakay ou. Vaksen an gratis pou tout Nouyòkè, kèlkeswa sityasyon imigrasyon oswa asirans yo.

Vaksen rapèl (booster) yo disponib kounye a tou pou tout moun ki gen laj 12 ane oswa plis ki te resevwa dezyèm dòz vaksen nan yon seri vaksen de dòz sa gen omwen senk mwa. Pou jwenn plis enfòmasyon sou dòz booster yo, gade www1.nyc.gov/site/doh/covid/covid-19vaccines.page#boost.

Mwen swete oumenm ak pitit ou a yon bon vakans an sante,



Dr. Cristina Meléndez
Direktris egzekitif
Angajman Fanmi ak Kominote